



Pou Piblikasyon Imedya: 17/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU RANFÒSE DEMOKRASI NAN NEW YORK

***Lejislasyon S.1381A/A.1722B egzije pou yo ekri pwopozisyon amannmann yo ak  
mezi bilten vòt yo nan yon langaj ki senp ak fasil pou konprann***

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon pou rann li pi fasil pou Nouyòkè yo konprann amannman konstitisyonèl yo pwopoze yo ak lòt kesyon yo poze elektè yo sou bilten vòt yo nan Eta New York. Dapre lejislasyon sa a, yo dwe eksplike amannman yo pwopoze yo ak lòt mezi bilten vòt yo nan yon langaj ki senp ak klè ki pèmèt elektè yo konprann enpak pratik lè yo adopte oswa rejte mezi yo mande yo vote a.

"Jenerasyon Ameriken yo te goumen pou dwa pou vote, epi New York ap fè pati pa nou pou asire aksè nan bilten vòt la jis ak ekitab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen te siyen ak fyète Lwa sou Dwa Vòt John R. Lewis nan New York pou vin lwa ane pase a, epi mwen kontan pwomilge nouvo lejislasyon sa a ki pral asire Nouyòkè yo enfòmè ak pwoteje lè yo vote sou amannman konstitisyonèl yo pwopoze yo".

Lejislasyon S.1381A/A.1722B mande pou yo ekri kesyon yo, tankou amannman konstitisyonèl pwopoze yo ki soumèt nan yon vòt piblik nan tout eta a, nan yon langaj ki senp. Pwojè lwa a fikse yon estanda pou yo ekri tout langaj bilten vòt yo nan nivo lekti klas uityèm ane oswa pi ba, epi yo dwe ekri nan yon fòm Wi oswa Non, pou tout sitwayen yo ka gen yon opòtinite jis pou vote avèk konfyans.

Lè yo itilize yon langaj ki pi konplike pou eksplike amannman pwopoze yo oswa lòt kesyon sou bilten vòt la, sa ka fè elektè yo santi yo konfonn konsènan desizyon yo mande yo pou yo pran. Pa konsekan, gen kèk elektè ki ka deside pa vote sou kesyon sa yo ditou, oswa ki ka mande si yo aktyèlman vote selon sa yo prefere yo. Lè nou mande sèvi ak yon langaj klè sou mezi bilten vòt sa yo, lejislasyon Gouvènè Hochul siyen jodi a pral ede bay Nouyòkè yo otonomi nan bilten vòt la pou yo vote ak konfyans epi fè tande vwa yo sou kesyon enpòtan ki afekte kominote yo ak tout eta a.

**Senatè Eta a Leroy Comrie te deklare,** "Mwen rekonesan pou m wè yo siyen pwojè lwa bilten vòt mwen an sou zafè ekri nan langaj senp lan. Lè nou bay tèks ki pi senp pou konprann mezi politik pou bilten vòt yo, nou ka pi byen asire ke patisipasyon vrè ak konplè nan eleksyon yo se pa sèlman dwa moun ki byen konnen lalwa oswa moun ki pi

metrize lang angle a, men nan tout elektè yo. Mwen vle remèsye Manm Asanble Stefani Zinerman paske li te adopte pwojè lwa sa a nan Asanble a epi mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul paske li te siyen lwa sa a".

**Manm Asanble Stefani Zinerman te dekare,** "Avèk Gouvènè Hochul ki siyen pwojè lwa sa a, pwojè lwa sou langaj senp lan se yon gwo viktwa sou dwa pou vote. Li kreye ekite pou piblik k ap vote a nan senplifye jagon jiridik la epi nan inifòmize règ jwèt la pou tout Nouyòkè yo avèk langaj ki pèmèt yo patisipe nan demokrasi nou an. Mwen vle remèsye Common Cause ak tout patnè alfabetizasyon yo paske yo te defann pwojè lwa sa a ansanm ak ko-esponnò m yo paske yo te pwoteje poto mitan demokrasi nou an, ki se dwa nou pou nou vote".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)